



BROWARD COLLEGE®

# PWOGRAM LANG ANGLE

**POU MOUN KI PA PALE ANGLE E KI PA FET OZETAZINI**

| Ede elèv yo devlope bon jan abilite nan lang Anglè pou siksè akademik, pèsonèl, ak pwofesyonèl.

# ANGLE POU OBJEKTIF AKADEMIK (EAP)

Pwogram Angle nivo akademik (EAP) prepare moun ki pa pale angle pou etid akademik nan pwogram sètifica ak degré nan kolèj e ak inivèsite ameriken. Pwogram nan konsiste de dis kou nan twa domèn konpetans: Gramè ak Redaksyon, Tande ak Pale, e Lekti ak Vokabilè.

Elèv yo dwe pran yon tès plasman pou detèmine nivo kou yo. Apre yo fin konplete pwogram EAP a avèk siksè, elèv yo ka enskri nan kou etid akademik nan Broward College e ak anpil lòt kolèj nan eta Florid san yo pa bay nòt TOEFL oswa IELTS. Anplis de sa, elèv ki enskri nan kèk pwogram akademik kapab jwenn kredi kolèj pou kek kou nan pwogram EAP a.

## NAN PWOGRAM SA A, OU PRAL

- Devlope konpetans nan lang akademik ki nesesè pou reyisi nan kolèj, inivèsite, ak anviwònman pwofesyonèl.
- Aprann lekti akademik, ekriti, gramè, koute, pale ak ladrès pou gen siksè nan kolèj ak kou nan nivo inivèsite pou objektif espesyalizasyon karyè ou.
- Devlope panse kritik, e analize ak ladrès ki trè nesesè nan kolèj ak inivèsite Ozetazini.
- Aprann ekri redaksyon, li tèks akademik, konprann konferans, epi fè prezantasyon.

## ETAP POU ENSKRI

- Tcheke sitwèb nou an pou jwenn enfòmasyon detaye sou admisyon nan [broward.edu](http://broward.edu)
- Rele biwo Admisyon ak Enskripsyon nou an nan **954-201-7350** oswa ale direkteman sou sitwèb admisyon nan youn nan lokal prensipal yo.

Sitwèb lokal prensipal yo:

- A. Hugh Adams Central Campus | [central-admissions@broward.edu](mailto:central-admissions@broward.edu)
- North Campus | [north-admissions@broward.edu](mailto:north-admissions@broward.edu)
- Judson A. Samuels South Campus | [south-admissions@broward.edu](mailto:south-admissions@broward.edu)

## POU ENFÒMASYON SOU KOU EAP

Kontakte Depatman EAP nan nepòt nan lokal prensipal nou yo:

**A. Hugh Adams Central Campus**  
3501 Davie Rd.  
Davie, FL 33314  
Bildin 9/Biro 200  
**954-201-6558**

**North Campus**  
1000 Coconut Creek Blvd.  
Coconut Creek, FL 33066  
Bildin 47/Biro 340  
**954-201-2385**

**Judson A. Samuels South Campus**  
7200 Pines Blvd.  
Pembroke Pines, FL 33024  
Bildin 72/Biro 103  
**954-201-8904**



# PWOJÈ RENOUVLE (RENEW)

(REFIJIYE KAP ANTRE NAN NOUVO ENTREPRISE AK MÒD TRAVAY)

Yon pwogram (ESOL) konplè ki bay kou angle GRATIS pou moun ki pale lòt lang pou refijye, azilye, ak moun ki viktim nan trafik imen ki kalifye e kap viv nan Broward County. PWOJÈ RENOUVLE sèvi tout elèv ki soti toupatou nan mond lan. Nou gen sis nivo nan pwogram nan epi chak elèv resevwa youn evalyasyon nan lang Angle pou detèmine nivo li. Klas yo disponib pou pran an pèsòn ak kou sou entènèt nan maten ak aswè! Nou pale Kreyòl!

## TIP ELÈV

- Azilye tout nasionalite
- Refijye tout nasionalite
- Kiben ak Ayisyen (moun ki fè demann azil yo)
- Afganestan ak Ikrenyen (Libète Imanitè)
- Imigran espesyal ki soti nan Irak
- Amerasyen ak lòt moun ki elijib
- Rezidan pèmanan legal ki te ajiste de refijye anvan, oswa azil
- Moun ki viktim nan trafik imen ki sètifye pa Depatman Sante ak Sèvis Imen
- Moun ki abite nan Broward County

## NAN PWOGGRAM SA A W AP

- Aprann tout teknik de baz ak avanse lan lang anglè
- Aprann anpil sou lavi ak travay ozetazini
- Aprann responsablite sitwayènte yo
- Jwenn konpreyansyon sou sistèm gouvènman Ameriken an

## ETAP POU ENSKRI

Pou enfòmasyon oswa yon entèvyou endividyle ak randevou enskripsyon, rele oswa voye tèks nan **954-201-2672** oswa **954-201-2677**

Pwogram RENEW jwen sponsò nan men Depatman Timoun ak Fanmi Eta Florid, Pwogram Sèvis Refijye, ak sibvansyon ki soti lan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo pou Reyajisteman Refijye yo.

# PWOGGRAM EDIKASYON ESOL POU GRANMOUN

Objektif pwogram ESOL pou granmoun se pou ede imigran yo ak lòt elèv kap aprann pale angle amelyore ladrès lekti, ekri, pale, koute, ak konpreyansyon yo nan lang angle, matematik ak konpreyansyon sou sistèm gouvènman Ameriken an, libète endividyle, ak responsablite yo nan sitwayènte. Anplis de sa, pwogram ESOL pou granmoun yo fèt pou ede elèv reyalize yon diplòm lekòl segondè oswa yon ekivalan rekònèt ak tranzisyon nan edikasyon ak fòmasyon apre segondè; oswa travay.

Lwa Edikasyon pou granmoun ak Alfabetizasyon Fanmi (AEFLA), Tit II, Seksyon 202, Lwa sou Envestisman nan Mendèv ak Opòtinite (WIOA), 2014.

## KONDISYON POU KALIFIE

- 16 an oswa plis
- Pa enskri oswa oblige enskri nan lekòl segondè
- Pa gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan li
- Vle aprann pale, li, ak ekri lang angle a

## ETAP POU ENSKRI

Kontakte pa imèl, [adulted@broward.edu](mailto:adulted@broward.edu) oswa pa telefòn, **954-201-3400**.

# PWOGRAM ANGLE ENTANSIF (KI PA KREDI)

Kou Pwogram Angle Entansif nan Depatman Mendèv ak Edikasyon Kontinye se ideyal pou nenpòt moun k ap chèche amelyore kompetans lang yo pou rezon pèsònèl ak/oswa pwofesyonèl. Kou yo enkli Angle I, II, ak III, Gramè pou ESL, ak Redaksyon pou ESL. Kou sa yo bay nan tout nivo pou Elèv kap Aprann Lang Angle – kòmanse soti nan Angle nivo zero. Depatman Edikasyon Kontinye ofri yon evalyasyon sou Entènèt pou ede elèv yo chwazi nivo ki apwopriye a. Klas yo dire ant 6-8 semèn epi yo fasilman ofri nan aswè e ak sou entènèt.

## NAN PWOGRAM SA A, OU PRAL

- Aprann reg ak strikti gramè debaz pou nivo avanse
- Aprann vokabilè debaz jiska avanse
- Rafine ak amelyore pwononsyasyon ou
- Pratike epi amelyore kompetans sou konvèrsasyon ou
- Aprann teknik pwononsyasyon ki fèt pou ede w kominike plis pwofesyonèl

## KLAS ANGLE

- Angle Entansif I, II, ak III
- Ekri esansyèl
- Gramè pou ESL
- Reg gramè
- Teknik Redaksyon
- Ekri Kontni ki efikas sou entènèt

## ETAP POU ENSKRI

Vizite **BROWARD.EDU/CE** oswa email **CE@BROWARD.EDU** pou asistans ak enskripsyon.

## POU PLIS ENFÒMASYON

# **BROWARD.EDU/LEARNENGLISH**

### **ANGLE POU OBJEKTIF AKADEMIK (EAP)**

A. HUGH ADAMS CENTRAL CAMPUS

**954-201-6558**

NORTH CAMPUS

**954-201-2385**

JUDSON A. SAMUELS SOUTH CAMPUS

**954-201-8904**

### **PWOGRAM ENTANSIF LANG ANGLE (KI PA KREDI)**

**CE@BROWARD.EDU**

### **BIWO SÈVIS ELÈV ENTÈNASYONAL (ISSO)**

**954-201-7228 | ISSO@BROWARD.EDU**